

# Byenvni nan Medicare



This is an Official U.S. Government Product

## KESYON AK REPOSNS

**Q: Kisa vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la ye ? Pouki sa mwen ta dwe resevwa li ?**

A: Vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la ba w kontwòl sou lasante w ak sou Medicare w lan depi nan kòmansman. Vizit konplè yo ofri w pandan premye lane w enskri nan Medicare, se yon fason pou w ak pou doktè w pou nou kapab fikse yon pwen referans presi sou sante w pou koulye an ak alavni. Apatide de 1ye janvye 2011, vizit la gratis pou pifò moun ki enskri nan Medicare.

**Q: Kisa ki gratis pandan vizit rpevansyon an ?**

A: OUmenm ansanm ak doktè w ap egzamine antesedan medikal ou ak istorik fanmi w, nou pral evalye pwoblèm sante ou genyen koulyen an ak preskripsyon yo e n ap fè tès ak egzamen pou nou kapab fiske yon liy de baz pou swen pèsonalize ou gendwa resevwa alavni. Epitou, se yon opòtinite pou w diskite ansanm ak doktè w konsènan demach akoutèm ak alontè pou anpeche devlope maladi, pou amelyore sante w ak pou rete anfòm. Apre vizit prevansyon an, doktè w pral ba w yon plan oswa yon lis verifikasyon ki endike tès ak sèvis prevansyon ou ta dwe al pran.

Epitou, ankouraje doktè w pou li diskite avèk ou osijè benefis prevansyon ak lòt sèvis ki disponib pou w grasa Medicare. Pandan vizit la, w ap kapab asire w yo respekte tout volonte w yo konsènan swen sante yo gendwa ba w alavni.

**Q: Konbyen lajan vizit prevansyon an koute ?**

A: Vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » gratis pou pifò moun ki enskri nan Medicare.

**Q: Mwen gen yon Plan Advantage Medicare. Èske mwen gendwa kontinye benefisyé vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » an ?**

A: Wi. Vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la disponib pou moun ki enskri nan Plan Medicare Advantage yo. Ale gade nan plan ou pou kapab jwenn si vizit la gratis pou w.

**Q: Kijan mwen kapab benefisyé vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la ?**

A: Li fasil pou benefisyé vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la. Si w déjà gen yon doktè, annik mande poze li kesyon sous a e pran yon randevou.

**Q: Si doktè mwen déjà konnen istorik sante mwen, ki benefis vizit prevansyon sa a kapab genyen pou mwen ?**

A: Enskripsyon nan Medicare se yon demach enpòtan pou swen sante w. Nan kòansman nouvo faz sa a, vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la bay yon opòtinite pou yo fè yon evalyasyon konplè sou sante w e li tabli yon liy de baz pou swen pèsonalize doktè w kapab ba w alavni.

Vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » se yon vizit ki pi konplè pase yon vizit nòmal e li pèmèt ou diskite ak doktè w konsènan demach a koutèm ak alontèm pou w anpeche devlope maladi, pou amelyore sante w ak pou rete anfòm. Pandan vizit la, w ap kapab asire w yo respekte tout volonte w yo konsènan swen sante yo gendwa ba w alavni.

**Q: E si mwen pa gen doktè ?**

A: Si w poko gen yon doktè, al gade nan medicare.gov oswa rele nan 1-800-MEDICARE (Malantandan yo kapab rele nan 1-877-486-2048) pou kapab resevwa yon lis founisè ki nan zòn ou ki aksepte Medicare. Apre sa, pran yon randevou avèk doktè w chwazi a.

**Q: Konbyen tan yo ban mwen pou mwen fè vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » anvan mwen enskri nan Medicare ?**

A: Yo ofri vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » pandan 12 premye mwa yo apre w fin enskri nan Medicare. Depi w enskri, li enpòtan pou w organize touswit vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare ».

**Q: E si mwen te enskri nan Medicare depi plis pase 12 mwa. Èske mwen gendwa benefisyé vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la toujou ?**

A: Non. Aprè period 12 mwa a fin pase, w ap dwe organize vizit ou kòm yon vizit anyèl pou byennèt, men pa kòm yon vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare ».

**Q: Kisa vizit byennèt anyèl la ye ?**

A: Se yon vizit pou devlope oswa pou mete ajou yon plan prevansyon pou w, ki baze sou eta sante aktyèl ou ak sou faktè risk ou genyen yo. Ou p ap peye anyen pou benefis sa a si doktè a patisipe nan pwogram Medicare la. Li gratis pou w yon fwa chak 12 mwa.

**Q: Kisa mwen ta dwe fè pou mwen prepare pou vizit prevansyon an ? Èske mwen bezwen pote yon bagay avèk mwen nan vizit la ?**

A: Pou kapab profite de vizit ou byen, ou ta dwe pote bagay sila yo avèk ou nan vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la :

- Dosye medikal, ikonpri kanè vaksinasyon (si se premye fwa w doktè sa a ap egzamine w)
- Antesedan sante fanmi w – anvan randevou an, chèche konnen tout sa w kapab sou istorik sante fanmi w anvan randevou an ; nenpòt ki enfòmasyon ou bay doktè a gendwa ede detèmine si w gen risk pou devlope sèten maladi.
- Yon lis medikaman ak preskripsyon ak medikaman san preskripsyon w app ran koulye an, konbyen fwa ou pran yo ak pouki sa

**Q: Doktè mwen pa janm pale m de vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » ni de vizit anyèl pou byennèt la. Èske mwen ta dwe poze li kesyon sou sa ?**

A: Si w te enskri nan Medicare pandan 12 mwa ki sòt pase yo, ou ta dwe poze doktè w kesyon konsènan vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la. Vizit la bay yon seri referans ki konplè e ki ede w pran anchaj sante w ak Medicare w lan depi nan kòmansman. Tankou vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la, vizit anyèl pou byennèt gen ladann tou yon egzamen konplè sou sante w ansanm ak edikasyon ak oryantasyon nan sèvis prevansyon ou bezwen yo, tankou sèten tès deteksyon, vaksen ak referans pou w kapab jwenn lòt swen.

**Q: Ki kote mwen kapab jwenn enfòmasyon osijè vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » la ?**

A: Al jwenn plis enfòmasyon osijè vizit prevansyon « Byenvni nan Medicare » nan Medicare.gov/welcome oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227). Malantandan yo ta dwe rele nan 1-877-486-2048.



Produi CMS nimewo 11532-HC (Haitian Creole)  
Revizyon nan mwa me 2011